

**DISTRI LEKOL
REJYON PALM BEACH, KOMITE
DEPATMAN EDIKASYON NAN FLORID**

William G. Graham
PREZIDAN

Paulette Burdick
VIS PREZIDAN

Monroe Benaim, M.D.

Mark Hansen

Carrie Hill

Dr. Sandra S. Richmond

Debra L. Robinson, M.D.

Arthur C. Johnson, Ph.D.

SIPÈNTANDAN

Ann Killets

DIREKTRIS AKADEMIK ANCHÈF


Judith Klinek, Asistan Sipèntandan
KOURIKOULÒM AK SIPÒ POU APRANTISAJ



Laura E. Pincus, Direktè Ekzekitif
DEPATMAN EDIKASYON POU ELÈV ESPESYAL
(561) 434-8626

Se Depatman Edikasyon nan Eta Florid, biwo Edikasyon Espesyal ak Sèvis pou Elèv ki finance pwogram Florida Diagnostic and Learning Resources System lan, atravè asistans federal anba Dekrèlwa pou Endividi ki andikape (IDEA), pati B; IDEA Preskolè pati B; ak fon Revni Eta Jeneral

Posiblité
Yon Gid pou paran ki gen elèv nan Edikasyon Espesyal



**Distri Lekòl Rejyon
Palm Beach**



Mesaj Sipèentandan an

Chak timoun gen don ak talan men nou menm, antan edikatè, nou gen responsablite pou ankouraje, pandan n ap bay tout elèv nou yo yon bon kalite edikasyon. Estaf Edikasyon pou Elèv Espesyal (ESE) nou an ap travay an kolaborasyon ak tout lekòl, paran ak konseye nou yo pou fè sèten bezwen tout elèv nou yo satisfè, epi mwèn fyè ak randman travay yo bay avèk elèv ESE nou yo. Se moman rejwisans pou elèv nan edikasyon espesyal yo. Atravè nouvo ak rechèch kontini, epitou pwòp eksperyans nou, nou konnen plis koulye a pase anvan sou fason pou ede elèv ESE nou yo akonpli tout potansyèl yo. Entegre elèv ESE yo nan kouran prensipal edikasyon piblik, pa ekzanp, non sèlman li ajoute anpil nan edikasyon yo, men li amelyore eksperyans edikasyonèl tout elèv ak pwofesè yo. Mwen bat bravo pou travay di ak siksè elèv ESE nou yo ak devouman tout paran, edikatè ak konseye yo ki pran angajman pou bay elèv meye edikasyon posib.

Sensèman,

Dr. Art Johnson

Mesaj Direktè Ekzekitif

Edikasyon pou Elèv Espesyal

Chè Paran,

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach fyè anpil nan pwogram elèv espesyal li yo. Kominikasyon ant paran ak estaf la se yon eleman esansyèl nan edikasyon total timoun nou yo. Nou envite w pou travay ansanm ak distri lekòl la pou fè sèten tout elèv nou yo atenn maksimòm potansyèl yo. Avèk sa nan lespke ri ou, Depatman ESE a ap ba ou bwòchi sa a paske nou panse l ap ede pou konprann langaj edikasyon espesyal la ak jwenn moun pou poze kesyon lè ou genyen yo. Yo te fè bwòchi sa a avèk konsantman epi opinyon paran yo nan yon efò pou satisfè bezwen chak paran.

Depatman ESE ap ankouraje ou pou poze kesyon ou yo pou kab kontinye jwe yon wòl pozitif nan edikasyon pitit ou a. Pwofesè nou yo, sipò pèsònèl, lekòl, zòn ak pèsònèl distri a la pou ede.

Sensèman,

Laura E. Pincus

NIMEWO TELEFÒN KI KAB ITIL

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach

Edikasyon pou Elèv Espesyal

561-434-8626

Ekipman teknolojik	434-8551
Odyoloji	434-3257
Twoub entans otism	434-8272
Kontra/McKay	434-8069
Enfimite emosyonèl ak nan konpòtman	434-8272
Bidjè ESE	434-8168
Manajè FDLRS	434-8971
FDLRS/Child Find	434-7337
FDLRS/HRD	434-8543
FDLRS/Sèvis pou paran	434-8393
FDLRS/Teknoloji enstriksyonèl	434-8181
Rezo Enklizyon Florid (FIN)	434-8627
Edikasyon Elèv Entèlijan	963-3881
Lopital/Adomisil/VI/TBI	684-5192
Sipò enstriksyonèl	434-8539
Bous detid McKay	434-8069
Ed medikal	434-8366
Ekip miltikiltirèl	434-8972
Terapi pwofesyonèl Fizik	434-7321
Klas matènèl	434-8377
Lekòl prive	434-7366
Enklizyon ak pwogram espesyal	629-8587
Pwosedi legal	434-7322
Sèvis sikolojik	434-8972
SEDNET	434-8147
SLI, DHH	434-8066
Tranzisyon/apre segondè	434-8367
TTY	434-8653

Bibliyotèk Pou Paran ESE

(561) 684-5227

The Elizabeth Bias Professional Library/FDLRS Parent Services Library ofri yon gran etalaj jounal edikatif, ak liv. Bibliyotèk la plase nan McKesson Building # 1400-A nan North Florida Mango Road, West Palm Beach, FL 33409. Paran yo byenveni pou vin sèvi ak materyèl yo epi yo ta dwe kontakte bibliyotèk la pou lè operasyon yo.

BIWO ESE NAN ZON NOU

Si w gen yon kesyon oswa preyokipasyon yo pa kapab adrese nan nivo lekòl la konsènan pitit ou a oswa pwogram ESE a, pwochen etap la se kontakte biwo ESE ki nan zòn nou. Biwo nan zòn nan asiste lekòl yo sou pwosesis pou idantifye, evalye ak plase elèv ki andikap oswa entèlijan.

Biwo ki nan zòn yo kapab ede paran ki bezwen èd pou konprann kompleksite lwa ak regilasyon ESE yo ak eksplikasyon sou dwa yo.

Biwo nan zòn yo la pou ede ou menm ak pitit ou a jwenn èd nou bezwen.


Kowòdinatè ESE zòn sid	266-5565
Kowòdinatè ESE zòn santral	868-5301
Kowòdinatè ESE zòn wès	996-4991
Kowòdinatè ESE zòn ès	494-1533

BIWO SIPÈENTANDAN ZÒN YO

Sipèentandan zòn sid	241-2050
Sipèentandan zòn santral	434-3397
Sipèentandan zòn wès	996-4900
Sipèentandan zòn Nò	494-0050

Yo te kreye gid sa a pou ede paran ak responsab timoun ki gen bezwen espesyal yo enfòmè yo sou Edikasyon pou Elèv Espesyal (ESE) nan Reyon Palm Beach la ak eseye reponn kesyon ki komen anpil.

Kisa ESE ye?



Edikasyon Elèv Eksepsyonèl (ESE) se non yo itilize nan Florid pou pwogram edikasyonèl ak sèvis yo bay pou elèv ki gen bezwen espesyal pou aprann (enkli elèv ki andikap yo ak elèv ki entèlijan yo).

Lè yon timoun genyen difikilte lekòl, yo eseye plizyè kalite èd osinon entèvansyon avan yo fè yon referans pou evalyasyon. Si entèvansyon yo pa reyisi, alò lekòl la ak paran ap rankontre pou diskite opsyon evalyasyon an. **Evalyasyon ap fèt avèk konsantman paran an.**

Pou kalifye pou pwogram ak sèvis ESE yo, elèv la dwe ranpli tout kondisyon yo ki sou lis Règleman Depatman Edikasyon Eta Florid pou yon andikap espesifik.

AKWONIM

Edikasyon pou Elèv Espesyal

AT	Ekipman teknolojik	IDEA
ADD	Pwoblèm mank konsantrasyon	
ADHD	Pwoblèm konpòtman ipèaktif ak mank konsantrasyon	
ASD	Twoub entans otism	
CST	Gwoup pwofesè k ap suiv pèfòmans (yon) elèv	IEP
E/BD	Enfimite emosyonèl ak nan konpòtman	
EMH	Andikap mantal ki edikab	
EP	Plan edikasyonèl	
ESE	Edikasyon pou elèv espesyal	
ESY	Pwolongasyon ane eskolè	
FBA	Evalyasyon fonksyonèl sou konpòtman	
FERPA	Lwa prive sou dwa edikasyonèl fanmi	
FDLRS	Diagnostik nan Florid & Sistèm resous pou aprann	
FIN	Rezo enklizyon nan Florid	
FAPE	Edikasyon piblik gratis ak apwopriye	ESE
HI	Moun ki pa tande byen	
IEP	Plan edikasyon endividyèl	
IDEA	Lwa edikasyonèl pou endividi ki andikape yo	
InD	Andikap entèlektiyèl	
LD	Difikilte pou aprann	
LI	Ki pa pale byen	
LRE	Anviwonman ak mwens restriksyo	
OT	Egoterapi	
OI	Defòmasyon otopedik	
OHI	Lòt defòmasyon sante	FAPE
PT	Terapifizik	
SI	Ki pa kominike byen	
SLD	Pwoblèm pou aprann	
SAI	Enstriksyon siplemantè akademik	
SSS	Etanda E dikatif Eta Florid	
TBI	Lezyon serebral	
VI	Andikape vizyèl	

LEKSIK (kontinye)

Andikap espesifik pou aprann: Yon elèv ki gen plizoumwèn kapasite pou l aprann, men ki pa kapab aprann fasilman sa pifò lòt elèv ap aprann.

Elokisyon ak langaj: Sa gen rapò ak abilte yon elèv pou pale, ekri, tande, oswa li. Sa enkli konprann lòt yo ak fè yo konprann li tou.

Diplòm regilye: Diplòm yo bay elèv ki resewwa yon kantite kredi espesifik ak mwayèn nòmal, ranpli kondisyon estanda ansèyman ofisyèl nan Eta Florid, epi ki pase egzamen gradyasyon Eta a. Se diplòm edikasyon jeneral la sa.

Kondisyon Depatman Edikasyon Eta Florid la: Regleman yo devlope pou egzekite lwa Florid yo ki gen rapò ak edikasyon.

Estanda Edikatif pou Eta Florid: Yon seri objektif ki esplike sa elèv Florid dwe konnen ak kapab fè nan sèten degre pandan karyè lekòl yo.

Estanda Edikatif Eta Florid pou diplòm espesyal : Yon seri objektif elèv nan Florid ki gen andikap yo travay sou yo, si yo pa kab ranpli estanda jeneral nòmal Eta Florid la.

Transfè dwa: Chanjman dwa ki sòti nan yon paran ki vinn jwenn yon elèv ki gen andikap lè elèv la vin atenn "laj majè."

Reyinyon Tranzisyon IEP: IEP itilize pou elèv ki gen laj 14 an ak pi gran. Tranzisyon IEP ede prepare elèv yo pou lavi apre lekòl. Tranzisyon IEP ede prepare elèv yo pou lavi apre lekòl. Yon bi majè reyinyon sa a se pou ede planifye avansman yon jenn moun nan lavi granmoun li.

Andikape vizyèl: Youn nan pwogram ESE eta Florid yo. Yon elèv ak yon andikap vizyèl ki pèdi kèk oswa tout abilte li pou wè. : A student who has a loss of some or all of the ability

Vokasyonèl: Ki gen rapò ak abilte ki nesèsè pou yon metye oswa karyè teknik. Ekri alamachin ak chapantye se kèk ekzanp pou abilte vokasyonèl.

Ègoterapi : (abreje OT ann anglè)—Trètman oswa terapi pou ede yon elèv andikape mentni, amelyore, retabli oswa devlope abiltè li bezwen pou kab viv chak jou.

Fizyoterapi (abreje PT ann anglè)—Trètman ki fèt pou yon elèv ki gen yon andikap pou ede li mentni, amelyore, restore oswa devlope mouvman ak kowòdinasyon li yon fason pou benefisye sèvis ESE bay yo.

Andikape Fizikman Yon elèv ki andikape nan kò li gen yon maladi, domaj oswa yon kondisyon ki pa pèmèt li fonksyone menm jan ak lòt elèv. Pwogram sa a enkli elèv ki gen pwoblèm zo, pwoblèm sante oswa domaj twomatik nan brènn yo.

Plasman: Kad kote timoun nan resevwa sèvis espesyal yo.

Nivo aktyèl Pèfòmans Akademik: — Deklarasyon nan yon IEP ki dekri sa yon elèv kab fè oswa sa li konnen nan moman sa a.

Menm Sèvis: — Èd espesyal yo bay yon elèv andikape anplis penlenstriksyon li jwenn nan salklas. Sèvis konsa ede elèv la benefisye enstriksyon. Egzanp sèvis menm jan se transpò espesyal, sèvis travay sosyal, terapi fizik ak pwofesyonèl ak sèvis lekli pou avèg.

Teste: — Yon fason pou teste yon gwoup elèv pou konnen si nenpòt nan yo bezwen evalyasyon endividyèl.

Sètifika espesyal pou finisman etid: Sètifika sa a bay pou elèv andikape ki pase klas ESE ki obligatwa yo nan nivo segondè men ki pa t metrize nosyon fondamantal ki tabli nan Estanda Eta Florid pou jwenn yon diplòm espesyal.

Diplòm espesyal: Diplòm yo bay elèv andikape ki pa kapab ranpli kondisyon obligatwa ki nan Estanda Eta Florid yo pou resevwa yon diplòm nòmal. Genyen de kalite diplòm espesyal diferan: diplòm espesyal premye opsyon ak diplòm espesyal 2^{yem} opsyon. Pou resevwa diplòm espesyal opsyon 1 an, elèv la dwe ranpli kondisyon obligatwa ki nan Estanda Eta Florid pou elèv andikape yo. Kondisyon pou 2^{yem} opsyon diplòm espesyal yo baze sou bezwen endividyèl elèv la.

:

Kesyon yo poze pi souvan

Kisa m dwe fè anvan pou m jwenn èd pou pitit mwen an?

Si ou konsène sou pwoblèm pitit ou a genyen nan lekli, matematik, redaksyon oswa konduit, ou bezwen kontakte pwofesè pitit ou a an premye.

Kisa ansèyman piblik ak apwopriye gratis la ye (FAPE)?

Se mo yo itilize nan lwa federal (IDEA) pou dekri dwa elèv ki gen andikap resevwa sèvis espesyal ki pou satisfè bezwen endividyèl pou l aprann, san paran l pa peye.

Ki kalite èd mwen kapab jwenn?

Sèvis pitit ou a resevwa yo kapab gen metòd espesyal pou anseye yo, materyèl espesyal oswa sistèm teknolojik. Yo kapab enkli terapi, transpò espesyal oswa lòt sipò.

Kisa yon IEP ye?

Plan ansèyman endividyèl (abreje IEP ann anglè)—Yon plan ekri ki detaye bezwen edikatif pèsonèl yon elèv ki gen andikap ak sèvis ESE, sipò, èd ak akomodasyon yo mete afadispozisyon elèv sa a.

Kisa anviwonman mwen kontrenyan an ye (LRE)?


Anviwonman lekòl (plasman) ki pèmèt yon elèv ki gen andikap resevwa enstriksyon nesèsè nan pi bon kondisyon posib ansanm ak lòt timoun ki pa gen andikap yo.

Ki moun mwen bezwen kontakte pou m mande yon reyinyon?

Kontakte lekòl pitit ou a epi mande pou pale ak moun ki responsab ESE a (Edikasyon pou elèv espesyal).

E si m panse pitit mwen an entelijan?

Kontakte lekòl pitit ou a epi mande pou pale ak moun ki responsab ESE a (Edikasyon pou elèv espesyal).



KI MOUN POU KONTAKTE

A KI ES POU M PALE, NAN LEKOLA,

ETAP 1

PWOFESÈ

ETAP 2

RESPONSAB ESE

ETAP 3

DIREKTÈ/TRIS

PWOFESÈ:

Premye moun ki enpòtan pou ou kontakte se pwofesè pitit ou a. Ou kapab voye yon nòt ak pitit ou a oswa kite yon mesaj pou pran yon randevou konferans pou diskite preyokipasyon w ou yo.

RESPONSAB ESE:

Responsab ESE kapab pran randevou reyinyon pou diskite sou chwa yo pou pitit ou a.

DIREKTÈ/TRIS:

Si pitit ou kontinye gen pwoblèm apre li resevwa sèvis yo oswa ou pa santi bezwen pitit ou a satisfè, kontakte biwo direkte/tris la pou yon reyinyon.

LEKSIK (kontinye)

Evalyasyon edikatif endepandan: (abreje IEE ann anglè)—Evalyasyon yon moun deyò ki pa p travay pou distri lekòl la fè sou demand paran elèv la.

Fonksyonman endepandan:—Aptitud yon elèv genyen pou okipe pwòp tèt li nan sa li bezwen, tankou manje, abiye ak pwòpte kò li; deplase san danje; kote li kab kontwole pwòp tan li ak itilize estrateji pou òganize li.

Plan ansèyman endividyèl (abreje IEP ann anglè)—Yon plan ekri ki detaye bezwen edikatif pèsonel yon elèv ki gen andikap ak sèvis ESE, sipò, èd ak akomodasyon yo mete aladizpozisyon elèv sa a.

Dekrèlwa sou edikasyon pou moun ki andikape (IDEA): Lwa ki pi enpòtan nan Etazini konsènan edikasyon elèv andikape yo.

Andikap entèlekyèl (InD): Mwayèn jeneral entèlekyèl la ba anpil avèk fonksyonman adaptif ki manifeste pandan peryòd devlopmantral la (kòmanse nan nesans jiska dizuitan -18 an) ak reta siyifikatif nan teknik akademik yo.

Entèvansyon—Teknik ki sèvi pou ede yon elèv pwogrese nan sa l ap aprann oswa nan konpòtman li.

Aprantisaj pou travayn —Èd pou elèv andikape k ap resevwa fòmasyon pou aprann fè yon travay sou sipèvizyon yon moun ki antrene espesyalman pou sa ki akonpaye al nan travay la pou montre li tout sa ki fè pati travay sa a.

Atmosfè mwen kontrenyan (LRE): Atmosfè lekòl (plasman) ki pèmèt yon elèv ki gen andikap resevwa enstriksyon nesèsè nan pi bon kondisyon posib ansanm ak lòt timoun ki pa gen andikap yo.

Medyasyon:—Yon metòd kote paran yo ak pèsonel lekòl jwenn yon antant sou dezakò yo genyen gras ak konkou yon moun ki te antrene pou rezoud konfli k ap ede yo fè sa.

Andikap Mantalman : Elèv ki andikape mantal la aprann pi dousman pase lòt elèv yo. Pwogram sa a gen twa nivo pou elèv fonksyone: andikap mantal edikab, andikap mantal pasab, andikap mantal grav.

Modifikasyon: —Chanjman nan kondisyon egzijans yon kou oswa nan estanda elèv la dwe atenn yo. Se yon chanjman nan sa y ap anseye ak teste elèv la ladan.

LEKSIK (kontinye)

Enfimite emosyonèl ak nan konpòtman—Konpòtman pèsistan ki afekte kapasite timoun nan pou l aprann lekòl. Li pa gen rapò ak laj, kilti, oswa etnisite

Evalyasyon—Fason pou kolekte enfòmasyon konsènan bezwen edikatif, pwen fò ak enterè yon elèv. Li sèvi pou ede decide si elèv la gen yon andikap ak si li kalifye pou pwogram ak sèvis ESE yo.

Eksepsyonalite—Yon andikap oswa yon bezwen aprantisaj espesyal.

Anseyman piblik apwopriye gratis (abreje FAPE ann anglè) — Mo ki sèvi nan lwa federal (IDEA) pou esplice dwa yon elèv andikape genyen pou resevwa yon seri sèvis espesyal anfonksyon bezwen espesyal li genyen pou aprann lekòl li, san paran li pa bezwen depanse kòb pou sa.

Evalyasyon konpòtmantal fonksyonèl (abreje FBA ann anglè)—Metòd pou kolekte done enfòmasyon sou pwoblèm konpòtman elèv ki gen andikap yo.

Evalyasyon vokasyonèl fonksyonèl — Yon metòd kontinyèl pou idantifye kapasite vokasyonèl yon elèv parapò ak yon travay, sa ki enterese li ak trening nesèsè li bezwen.

Diplòm GED—Diplòm finisman etid segondè yon elèv ki gen omwen 18 an rive pran apre li fin pase egzamen sou Devlopman Edikatif Jeneral yo.


Kourikoulòm jeneral—Nosyon pi fò elèv ki pa andikape yo ap etidye yo. Nan Florid, kourikoulòm jeneral la se Sun-shine State Standards, estanda ofisyèl Eta a ki detaye nosyon elèv yo sipoze konnen ak kapab fè nan divès etap ansèyman yo ap resevwa a.

Ki gen donYon: elèv ki entelijan anpil gen don pou aprann lekòl pi fasil pase lòt res elèv yo. Li posib pou yon elèv ki gen don gen andikap tou.

Adomisil oswa ospitalize—Youn nan pwogram ESE nan Florid yo. Elèv ki fè pati pwogram sa a resevwa enstriksyon lakay li oswa nan lopital kote l ap pase yon bon bout tan an akòz swa maladi grav, swa chòk li te resevwa oswa lòt pwoblèm sante

KI MOUN POU M KONTAKTE

A ki moun pou m pale, andeyò lekòl la, si m santi bezwen pitit mwen an pa satisfè ?



ESE KWÒDINATÈ:

Kontakte biwo ESE nan zòn lan sèlman lè ou santi bezwen ak konsèn pitit ou a pa satisfè nan nivo lekòl la.

SÈVIS POU PARAN/RESPONSAB:

Sèvis pou Paran/responsab, gen pèsònèl ki responsab pou reponn kesyon yo, patisipe nan reyinyon lekòl yo ak ede paran yo.

KONFÒMITE AK ESE DISTRI a:

Moun ki responsb Konfòmite Distri ESE a kapab reponn ak kesyon sou IEP, IDEA ak Seksyon 504.

LEKSIK POU TÈM ESE YO

Akomodasyon: Lòt fason diferan pou fè yon bagay ki pran an konsid-erasyon andikap moun nan genyen. Akomodasyon yo se chanjman ki fèt nan *fason* yo anseye oswa teste yon elèv. Akomodasyon yo pa chanje kondisyon kou yo oswa nivo nosyon elèv la dwe aprann yo, konparativman ak "modifikasyon."

Evalyasyon: Metòd pou kolekte enfòmasyon sou nivo konesans ak kapasite yon elèv pou jwenn sa li bezwen aprann konnen. Evalyasyon yo kapab fèt sou fòm tès, obsèvasyon ak enspeksyon pòtfolyo oswa echantiyon devwa elèv la te fè deja.

Twoub entans otism: karakterize pa yon devlopman sikolojik iregilye ak yon febles ekstrèm nan entèvansyon sosyal, nan kominikasyon ak jès restren ki imite, ak/oswa konpòtman, abitud ak aktivite steryotipe

Plan entèvansyon reyaksyonèl (BIP): Plan ki ede yon elèv andikape pou diminye pwoblèm reyaksyon li yo. BIP a gen ladan estrateji pou anseye elèv la pou kab pèmèt li elimine reyaksyon ki ba li pwoblèm yo oswa ranplase yo ak lòt reyaksyon. BIP a gen ladan tou metòd pou detèmine pwogrè elèv la ap fè nan diminisyon pwoblèm reyaksyonèl li genyen yo.

Ekip ki anchaj etid elèv la (CST): —Gwoup moun k ap ede pwofesè yo satisfè bezwen aprantisaj elèv yo lekòl. Ekip la gen dwa rekòmande pou fè "evalyasyon" yon elèv.

Konsantman: Akò paran bay pou kite lekòl la dwe ranpli tout kondisyon regleman Depatman Edikasyon Eta Florid la mande yo.

Varyete sèvis: Seri plasman posib disponib pou elèv ki gen andikap yo. Li gen ladan sèvis jeneral yo bay nan klas nòmal yo, kèk sèvis jeneral yo bay nan klas nòmal yo ak nan klas espesyal yo, sèvis yo bay nan yon lekòl espesyal ak lòt metòd plasman.

Soud oswa ki tande di: Yon elèv ki soud oswa ki tande di pèdi yon pati oswa tout fakilite pou li tande.

Definitions adapted from *An Introduction to Exceptional Student Education*; Copyright 2001; 2005; State of Florida Department of Education. Available

through the Clearinghouse Information Center of the Florida Department of Education, Bureau of Exceptional Education and Student Services (BEESS).

LEKSIK (kontinye)

Reta nan devlopman: Pwogram sa a fèt pou timoun ant laj zewo ak senk an sèlman. Yon timoun ki gen yon reta nan devlopman li devlopman pi dousman pase lòt timoun menm laj ak li, swa mantalman, emosyonèlman oswa fizikman.

Andikap: Kondisyon ki rann li difisil pou yon elèv aprann oswa fè yon seri aktivite menm jan ak pi fo lòt elèv yo. Yon andikap gen dwa oswa tanporè oswa pèmanan.

Ranvwa: Desizyon ki pran nan yon reyinyon IEP oswa EP pou ranvwaye oswa retire yon elèv nan sèvis ESE yo akòz elèv la pa bezwen sèvis sa yo ankò. Ekip CST a revize evalyasyon ki te fèt yo ansanm ak kèk lòt enfòmasyon konsènan elèv avan desizyon sa a. Paran yo pral resevwa yon nòt alekri avan sèvis yo sispan.

Andikap sansoryèl doub (DSI): Youn nan pwogram ESE nan Florid yo. Yon elèv ki gen doub andikap sansoryèl se yon elèv ki soud ak avèg ki tèlman gen pwoblèm pou ni wè ak ni tande, sa lakoz li pa kab aprann byen ni nan pou timoun ki soud oswa ki tande di yo, ni nan pwogram pou timoun ki pa wè byen yo.

Odyans legal: Reyinyon legal fòmèl ki òganize pou jwenn antant sou dezakò ki genyen ant paran yo ak distri lekòl yo konsènan evalyasyon, kalifikasyon, plasman, sèvis oswa IEP yon elèv ki gen andikap. Se yon Jij administratif ki anchaj dirije kalite reyinyon sa a.

Plan edikasyonèl (EP): Yon plan alekri ki dekri bezwen endividyèl yon elèv entèlijan pou aprann ak modifikasyon yo pral bay elèv la.

Kritè kalifikasyon—Kondisyon yon timoun dwe ranpli pou kab kalifye pou chak kategori eksepsyonalite yo (pwogram). kalifikasyon yo nan lis kondisyon Depatman Edikasyon Eta Florid la.

Estaf kalifikasyon: Yon reyinyon kote paran yo ak estaf lekòl la deside si elèv la elijib pou resevwa sèvis ESE.

Kalifye: Konsènan yon elèv ki ranpli kondisyon yo mande yo ak ki bezwen sèvis oswa pwogram ESE yo.